

Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE SANKTYÈ BELLPORT BAY A RIVE ATENN ETAP FONDAMANTAL NAN MITAN WOUT NAN EFÒ RESTORASYON KOKIJAJ YO

Bellport Bay se Youn nan Senk Sanktyè yo ki nan Efò 10.4 Milyon Dola Eta a Ap Fè pou Restore Kokiyaj Natif Natal yo pou Amelyore Dlo Kotyè Long Island yo epi Ranfòse Rezistans

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon etap fondamantal konsiderab nan antrepo ki planifye pou plizyè milyon kokiyaj natif natal ki ap ede retabli anviwònman maritim krisyal yo, amelyore kalite dlo yo, sipòte endistri lapèch lokal la epi konstwi liy kotyè ki pi djanm. Yo te antrepoze mwatye nan anviwon 1.6 milyon paloud ki mati yo ki planifye pou nouvo sanktyè kokiyaj Bellport Bay a, epi yo ap fè pwogrè adisyonèl nan reyalize inisyativ restorasyon kokiyaj Gouvènè a ki koute 10.4 milyon dola ki ap benefisye a kominote kotyè Long Island yo. Yo Te anonse Pwojè Restorasyon Kokiyaj Long Island lan (Long Island Shellfish Restoration Project, LISRP) an 2017.

"Anviwònman planèt sa a nan gwo pwoblèm reyèl. Nou ap wè sa toupatou nan eta a, toupatou nan peyi a, ak toupatou nan mond lan: plis inondasyon, plis dife, plis kondisyon ekstrèm nan kondisyon metewo yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kèk moun fèmen je yo, men mwen kwè ke nou pa pral janm rezoud yon pwoblèm ke nou refize rekonèt. Reyalite ki di a se ke chanjman klimatik yo reyèl epi yo la a, epi Eta sa a ap fè plis efò pase nenpòt lòt Eta nan nasyon an pou abòde kesyon chanjman klimatik yo. Manman Lanati te gen pi bon sistèm filtrasyon dlo, paloud ak zwit yo, men nou te detwi yo. Kounye a nou ap restore sistèm filtrasyon dlo natirèl sa a, men nou ap fè li a yon pi gwo echèl ke jamè epi li pral fè yon diferans."

Pwojè Restorasyon Kokiyaj Long Island Gouvènè an dirije pa Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) nan Eta a an kolaborasyon ak Cornell Cooperative Extension (CCE), Stony Brook University, minisipalite yo ak òganizasyon volontarya yo. Inisyativ 10.4 milyon dola sa a pral etabli senk espas sanktyè kokiyaj yo ki chaje ak kokiyaj ki jèn ak sa ki mati yo sou plizyè ane pou atenn dansite yo vize ki nesèsè yo pou sipòte avantaj kalite dlo maksimòm yo ak ranfòsman kokiyaj yo.

Sanktyè kokiyaj Bellport Bay a se youn nan senk sanktyè kokiyaj yo ki planifye nan kad LISRP a pou amelyore kalite dlo, redwi florezon alg ki danjere yo, retabli popilasyon kokiyaj yo epi ogmante byodivèsite nan dlo kotyè yo. Sitiye nan sid rivaj Long Island lan ki nan komin Brookhaven, sanktyè a gen ladan anviwon 57 ekta Bellport Bay pou plantasyon kokiyaj ki jèn ak sa ki mati yo.

Gen yon kat Pwojè Restorasyon Kokiyaj Long Island lan ki disponib [la a](#) ak yon kat Ekspansyon Resif Atifisyèl New York lan ki disponib [la a](#).

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la Basil Seggos te deklare, "Eta New York ap fè pwogrè konsiderab nan reyalize avantaj kalite dlo, pwoteksyon abita, rezistans kotyè, ak endistri lapèch yo ki genyen nan inisyativ sanktyè Gouvènè Cuomo a isit la nan Bellport Bay. Nou espere travay ansanm ak patnè nou yo pou antrepoze plizyè milyon kokiyaj epi etabli kat sanktyè adisyonèl nan Long Island".

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmantal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare, "Investisman kontinyèl sa a nan dènye rechèch yo pou prezève epi pwoteje oseyan nou yo pou jenerasyon fiti yo li enpòtan yon nivo enkwayab. Mwen bat bravo pou Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York lan ak Biwo Gouvènè a poutèt angajman dirab yo pran pou netwaye dlo Long Island yo".

Senatris Monica Martinez te deklare, "Pandan ke nou ap adapte a ramifikasyon devastatris chanjman klimatik yo sou plan lokal ak global, li enperatif pou ke nou abòde pwoblèm lan dirèkteman anvan ke li twò ta. Ak Long Island ki se yon rejyon kotyè, li patikilyèman enpòtan pou ke nou pwoteje rivaj nou yo ak kalite dlo nou yo. Jodi a nou ap byen plase 773,201 paloud ki mati nan bè dlo a ak espwa ke yo pral ede redwi pwodwi chimik ki danjere yo ki nan dlo nou yo; konsève liy kotyè ak kalite dlo Long Island ki presye yo gen pi gwo enpòtans".

Manm Asanble a Joseph DeStefano te deklare, "Long Island ak bèl anviwònman maritim li an se yon trezò New York. Li vital pou fiti pou ke nou pran mezi pou pwoteje epi prezève ekosistèm zòn nan, ak resous antirèl ke li bay. Ak asistans Gouvènè Cuomo, Eta New York, ak kèk kritè maritim, yo ap pran mezi ki pwoyaktif, epi nou ap remèsye yo anpil poutèt efò sa yo".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a Laura Curran te deklare, "Li krisyal pou ke nou prezève kalite dlo Long Island yo ak rezistans abita maritim nou an - epi gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap jis fè sa. Nou pral kontinye ak angajman ke nou te pran pou pwoteje alafwa anviwònman marin ak travay lapèch yo ki depann sou yo".

Sipèvizè Komin Brookhaven lan Ed Romaine te deklare, "Komin Brookhaven lan te pwoyaktif anpil nan pwogram restorasyon zwit ak paloud nou an, epi mwen akeyi efò Eta a ap fè yo pou elaji li pi plis. Sa se yon pwojè anviwònmantal ki enpòtan anpil ki pral retounen peple bè dlo a ak nouvo paloud yo epi ede kenbe dlo yo pwòp. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li fè de sante rivyè nou yo youn nan priyorite administrasyon li an".

Yo te deja antrepoze nan sanktyè a anviwon 773,200 paloud ke yo te rekòlte ki soti nan dlo ki sètifye yo. Selon kondisyon metewo yo, soti depi nan mwa Me pou rive an Novanm, Captree Clam, Inc. ap livre bato ki gen jiska 45,000 paloud ki mati nan Squassux Landing Marina, pou plantasyon nan bè dlo a. An plis, yo pral plase anviwon 62 milyon jèn kokiyaj - 50 milyon paloud ak 12 milyon zwit ki fèt sou kokiy yo - ki te pwodwi pa Kouvez Kokiyaj Cornell Cooperative Extension Konte Suffolk lan nan sanktyè Bellport Bay a.

An plis de Bellport Bay, yo ap devlope kat lòt sanktyè nan Huntington Harbor, Shinnecock Bay, South Oyster Bay ak Hempstead Bay. Yo pral rekòlte jiska 89 milyon jèn kokiyaj (53 milyon paloud ak 36 milyon zwit ki fèt sou kokiy yo) ak plis pase senk milyon paloud mati yo ke yo te rekòlte sou plan lokal yo nan sanktyè sa yo ak yon konsèp plantasyon ki devlope pou atenn objektif espesifik pou chak kouch dlo yo. DEC ap travay anssanm ak Stony Brook University pou ka sipève aktivman sanktyè yo pandan senk ane pou detèmine sivi ak ranfòsman kokiyaj yo, ansanm ak amelyorasyon kalite dlo yo.

Pwojè restorasyon an ap bay yon opòtinite inik pou jwenn enfòmasyon byolojik ak anviwònmantral sou kwasans kokiyaj yo, sivi ak reyisit repwodiksyon, epi pou sipèvize efè sou kalite dlo yo, ak absòbsyon pitoklankton ak filtrasyon ak resiklaj ak netwayaj nitwojèn. Rezilta pwojè a yo pral gide epi sipòte reyisit efò restorasyon fiti yo nan Long Island.

LISRP ap sipòte ekspansyon oswa amelyorasyon kouvez kokiyaj piblik yo nan komin Brookhaven, East Hampton, Islip ak Hempstead ak nouvo konstwiksyon Kouvez Kokiyaj CCE Konte Suffolk lan nan Cedar Beach, Southold pou bay bourad a pwodiksyon resous natirèl sa a. Kouvez CCE Southold lan aktyèlman operasyonèl epi li pral yon atou krisyal nan pwodiksyon anviwon 151 milyon jèn kokiyaj ak efò estokaj yo ki planifye. Kat kouvez kokiyaj komin yo pral kontribiye ak yon 44 milyon jèn kokiyaj adisyonèl pou estokaj nan sanktyè yo sou senk pwochè ane yo.

Inisyativ sa a se jis youn nan divès ki ap vanse pou amelyore kalite dlo, pwoteje resous maritim ki enpòtan yo epi bay bourad a ekonomi lokal yo. Gouvènè a ap investi 3 milya dola nan investi enfrastrikti dlo pwòp yo; 800 milyon dola pou repare epi fòtifye izin tretman dlo ize Bay Park lan; 354 milyon dola pou devye sistèm bouch egou Bay Park lan soti depi nan Western Bays pou rive nan emisè Cedar Creek lan; ak plis pase 2 milyon dola pou pwogram Sibvansyon NY Sea an pou redwi vag mare mawon Long Island lan. Li te siyen tou nouvel lwa ki ap pwoteje aloz yo, ki se yon apa pou pwason ki enpòtan yon nivo krisyal; li te entèdi foraj tou pre rivaj yo sou tout liy kotyè New York lan; epi li te pwopoze pi gwo ekspansyon pwogram resis atifisyèl Eta a pou devlope yon ekosistèm maritim ki pi djanm, pi divès epi bayabri pou pwason ak lòt lavi maritim sou rivaj New York yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)